

# Kesyonnè CRAFFT (Vèsyon 2.0)

Pou pasyan an reponn

Tanpri di **laverite** nan repons pou tout kesyon yo; repons ou yo pral rete **konfidansyèl**.

**Nan 12 MWA KI FENK PASE yo, pandan konbyen jou ou te:**

1. Konn bwè plis pase kèk gòje byè, diven, oswa nenpòt bweson ki gen **alkòl**? Ekri "0" si pa te genyen okenn.

kantite jou

2. Sèvi avèk **mariwàna** (zèb, raje, kannabis, oswa nan manje) oubyen "**mariwàna sentetik**" (tankou "K2" oswa "Epis")? Ekri "0" si pa te genyen okenn.

kantite jou

3. Sèvi avèk **nenpòt ki lòt bagay pou santi w ap plannen anlè "high"** (tankou lòt dwòg ilegal, medikaman avèk oubyen san preskripsyon, oswa bagay pou rale nan nen oswa pou "prize")? Ekri "0" si pa te genyen okenn.

kantite jou

## LI ENSTRIKSYON SA YO ANVAN OU ALE PI LWEN:

- Si ou ekri "0" nan TOUT ti kare pi wo la yo, **REPONN KESYON 4, EPI RETE.**
- Si ou ekri "1" oubyen plis nan **NENPÒT** nan ti kare pi wo la yo, **REPONN KESYON 4 rive 9.**

	Non	Wi
4. Èske ou te janm nan yon OTO ( <b>CAR</b> ) epi chofè a (menm si se ou menm) te nan yon eta pou l "santi l ap plannen anlè (high)" oubyen chofè a te bwè alkòl oswa pwan dwòg?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
5. Èske ou konn bwè alkòl oswa pran dwòg pou DEKONTRAKTE W ( <b>RELAX</b> ), oswa pou w santi ou pi alèz ak tèt ou, oswa pou w fè tankou lòt moun ki avèk ou?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
6. Èske ou janm bwè alkòl oswa pran dwòg pandan pa gen lòt moun avèk ou, kidonk pandan ou <b>POUKONT OU (ALONE)</b> ?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
7. Èske ou konn <b>BLIYE (FORGET)</b> sa ou te fè pandan ou t ap bwè alkòl oswa pran dwòg?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
8. Èske <b>FANMI (FAMILY)</b> oswa <b>ZANMI (FRIENDS)</b> ou janm di w li lè pou ou bwè mwens oswa pran mwens dwòg?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
9. Èske ou janm gen <b>PWOBLÈM AK LÒT MOUN (TROUBLE)</b> pandan w ap bwè alkòl oswa pran dwòg?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

### REMAK POU ANPLWAYE NAN KLINIK AK POU DOSYE MEDIKAL:

Enfòmasyon ki ekri nan paj sa a anba pwoteksyon règleman sou konfidansyalite (42 CFR, 2yèm Pati); règleman sa yo defann bay moun enfòmasyon sa yo, sòf si gen yon otorizasyon ekri dirèk pou sa. Otorizasyon jeneral pou bay enfòmasyon medikal yo PA ase pou pèmèt sa.

© John R. Knight, MD, Boston Children's Hospital, 2016.

Kopye avèk pèmision Center for Adolescent Substance Abuse Research (CeASAR), nan Boston Children's Hospital (Lopital Boston pou Timoun).

Pou plis enfòmasyon oubyen pou resevwa dokiman an nan lòt lang, gade nan adrès [www.ceasar.org](http://www.ceasar.org)